# MARONDERA RURAL DISTRICT COUNCIL

# CHARTER YEMABASA ANOITIRWA MUTENGI

**Yakaongororwa munaKukadzi 2026**

## 1. MUSUMO

### Nhoroondo

Marondera Rural District Council ihurumende yemunharaunda yekumaruwa yakagadzwa kuchishandiswa Rural District Councils Act, *Chapter 29:13.* Yakaumbwa nemawadhi makumi maviri nematatu (23) ayo anosanganisira nzvimbo itsva dzinogariswa vanhu patsva (dzakagadzirwa kubva muna 2000 kusvika 2010) uye nzvimbo dzekurima zvekutengesa nemwero mukuru (Mawadhi 1 kusvika ku8 uye Wadhi 23), nzvimbo dzekurima zvekutengesa nemwero muduku (Wadhi 9), nzvimbo dziri pasi pehurumende dzinogoverwa vanhu kuti vagare nekushandisa pasi pemitemo yechivanhu (Mawadhi 10 kusvika ku20) uye nzvimbo dzekare dzinogariswa vanhu patsva (Wadhi 21 ne22). Dunhu iri rakakura zvekuita mahekita **399,186** uye rine vanhu vanosvika **136,173** (tichishandisa zvakabuda pakuverengwa kwevanhu mugore ra2022).

Zimbabwe isati yawana kuzvitonga muna 1980, nzvimbo inobatwa neMarondera Rural District Council muzuva ranhasi yakanga iripasi pehutongi hwakasiyana hwehurumende dzemunharaunda. Nzvimbo dzaishandiswa nemawadhi 1 kusvika 8 uye 21 kusvika 23 dzaive pasi penzvimbo yainzi Marandellas Road Council. Basa rayo guru raive rekugadzirisa migwagwa munzvimbo yekurima zvekutengesa yevarimi vechichena saka yaizivikanwa zvikuru seMarandellas Road Council.

Kune rumwe rutivi, vanhu vatema vemuAfrica vaitongwa nemakanzuru eAfrica kana makanzuru ematunhu ayo aitungamirirwa naNative Commissioner wechichena. Chinangwa chikuru chekugadzirwa kwemakanzuru ematunhu chaive chekuti hurumende yevapambepfumi itonge vanhu vemuAfrica. Kunyange zvazvo vanhu vemuAfrica vaifanirwa kubhadhara mitero yakasiyana-siyana kuhurumende, makanzuru aya aive nemabasa mashomesa ebudiriro.

Pakawanikwa kuzvitonga, hurumende itsva yakatora matanho ekubvisa hutongi hwemunharaunda uhwu hwaiva nerusaruraganda. Izvi zvakasvitsa mukugadzirwa kwe Rural District Councils Act yemuna1988 iyo yakakonzeresa kubviswa kweRural Councils Act neDistrict Councils Act munova ndimo maive nemutemo wakanga washandiswa kuumba makanzuru ekumaruwa neematunhu aive nerusaruraganda. Chiitiko ichi chakakonzera kuumbwa kwe makanzuru ematunhu ekumaruwa anhasi. KuMarondera, kanzuru yevachena kumaruwa nekanzuru yedunhu yevatema (yaizivikanwa nezita rekuti Rudhaka 2022 District Council), dzakabatanidzwa muna 1992 dzikaumba Marondera Rural District Council iyo yaisanganisa marudzi akasiyanasiyana. Makanzuru ematunhu ekumaruwa akanga zvino awedzerwa mabasa kupfuura makanzuru enguva yekare, nokudaro akanga asisiri kungoita zvemigwagwa chete.

Munguva yakatevera kuwanikwa kwerusununguko pakava nekutama kwevanhu kuzhinji nekuda kwechirongwa chehurumende hwekugarisa vanhu patsva. Nzvimbo dzekutanga dzaigariswa vanhu patsva mudunhu iri dzakanyanya kuwanda mumawadhi 21 ne22. Kubva mugore ra2000, vanhu vakawanda vakatama vachienda kunzvimbo dzaive dzevarimi vechichena umo vairima zvekutengesa, kunyanya

mumawadhi 1 kusvika ku8 uye 23, pasi pechirongwa chehurumende chekugova ivhu patsva nechimbichimbi. Izvi zvakawedzera uwandu hwezvinodiwa kukanzuru panyaya dzezvivakwa uye zvinodiwa pamagariro evanhu kuti vanhu vakagariswa patsva vabatsirike. Vanhu vemunharaunda vanoramba vachidawo kuwedzerwa kwezvinhu izvi uye kugadziriswa kwezvivakwa.

## 2. MARONDERA RDC: MUONO, CHINANGWA CHEBASA UYE TSIKA DZINOKOSHESWA



### MUONO

- Panosvika 2030, panofanira kunge pava nenharaunda ine budiriro, inosanganisira munhu wese uye inorarama kwenguva refu pasina kuparadza kana kupedza zviwanikwa.




### CHINANGWA CHEBASA

- Kupa masevhisi anovandudza hupenyu nehupfumi hwevanhu veMarondera Rural District nenzira inoenderera mberi kwenguva refu pasina kuparadza kana kupedza zviwanikwa.



### TSIKA DZINOKOSHESWA


- **Kujeka -** Takasununguka kuongororwa
- **Kupindura kune zvinodiwa -** Takazvipira kushandira vatengi **vedu** nekukurumidza uye matambudziko asati aitika.
- **Kuzvidavirira –** Tinobvuma zvatinenge taita
- **Kuva netsika-** Tinotevedzera tsika dzakanaka dzekuvimbika nekuenzanisa.
- **Kushandira pamwe-** Tinoshanda takatarisana ne chinangwa chimwe chete uye tiine kubatana kwepfungwa mukuita basa.
- **Kugadzira zvinhu zvitsva zvine pundutso -** Tinogadzira zvinhu zvakakosha kuburikidza nekuchinja nekuvandudza zviripo.

## 3. BASA

Basa reKanzuru nderekutungamira nzvimbo iri pasi pehutongi hwayo sezvakatarwa muRural District Councils Act Chapter 29:13. Act iyi inopa mutemo wekugadzirwa kwematunhu; kugadzirwa kwemakanzuru ematunhu ekumaruwa; kunyoreswa kwevavhoti; nguva dzinotorwa nemakanzura varipachigaro; mafambisirwo ezvinhu mumakanzuru ematunhu ekumaruwa; kugadzirwa kwemakomiti emakanzuru ematunhu ekumaruwa; basa/mashandiro evashandi vemakanzuru ematunhu ekumaruwa; masimba nemabasa emakanzuru ematunhu ekumaruwa; kugadzirwa kwemitemo yemunharaunda ematunhu ekumaruwa; mitero nemimwe mibhadharo inoiswa nemakanzuru ematunhu ekumaruwa uye mashandiro emari emakanzuru ematunhu ekumaruwa .

## 4. CHIMIRO CHEKANZURU

Kanzuru ine madhipatimendi mashanu anoshanda pamwechete kuti azadzise basa rayo uye hurongwa hwayo. Mabasa edhipatimendi rimwe nerimwe remadhipatimendi aya akatsanangurwa pazasi:



## 5. VATENGI VEDU NEVATORI VECHIKAMU

I. ARDCZ
II. Masangano emabhizimusi
III. Mapoka anoona nezvemagariro everuzhinji
IV. Makanzura
V. Vanobatana nesu mukuita mabasa ekuvandudzira
VI. Masangano evarimi
VII. Masangano ezvemari
VIII. Madhipatimendi ehurumende
IX. MOLPWS
X. Masangano/Makambani anotungamirirwa nehurumende achiita basa akazvimiririra
XI. Masangano evagari vemunzvimbo
XII. Mabhodhi ehurumende anopiwa simba nemutemo
XIII. Vatengesi/Vanopa zvinhu nemasevhisi
XIV. Masangano anomiririra vashandi
XV. Masangano evakarwa hondo yerusununguko
XVI. Komiti dzevashandi

## 6. ZVIVIMBISO ZVEDU PAMASEVHISI ATICHAPA UYE MWERO WATICHAZVIITA NAWO

Marondera Rural District Council yakazvipira:

i. Kuve mushandirwi anopa mukana wakaenzana uye anokoshesa nyaya dzinechekuita nekuve munhukadzi kana munhurume.
ii. Kuita mabasa nenzira inotenderwa nemutemo uye inoshanda zvakanaka.
iii. Kugovera zviwanikwa/zvishandiso zvinova vanhu uye zvinhu nenzira yakaenzana uye tichitarisa pazvirikudiwa pawadhi yega yega uye mudhipatimendi rega rega rekanzuru.
iv. Kushanda tisingadarike mwero watakarongera pabhajeti, pasina kuderedza chimiro chakanaka, huwandu uye nguva inotarisirwa.
v. Kuita zviitiko nemo nemo nenguva/mazuva azvakatarwa pakarenda pasina kupotsa.
vi. Kupa vashandi mashandiro ebasa akanaka.
vii. Kupa masitendi emabhizimusi anofanira kuvakwa mukati memwedzi mitatu kubva musi waatsvakwa.
viii. Kuita ongororo dzezvirikuvakwa mukati memazuva matatu kubva musi unenge wakumbirwa ongororo iyi.
ix. Kuongorora mapurani ezvinoda kuvakwa mukati memazuva manomwe kubva musi waaunzwa.
x. Kusevhiswa kwemotokari dzekanzuru kunoitwa pamwedzi.
xi. Kugiredha migwagwa yegravel kwemufambo unobvira pamakiromita mazana masere (800km) zvichikwira pagore pasi pechirongwa chekuchengetedza migwagwa.
xii. Kuisa zvigamba zvegravel uye tara mumigwagwa pazvinenge zvichidiwa..
xiii. Kugiredha mipendero yemigwagwa pazvinenge zvichidiwa.
xiv. Kuchengetedza zviwanikwa zvedunhu.
xv. Kupa masevhisi anodiwa pakugara kwevanhu, angave ari edzidzo kana hutano,

panguva yaanenge achidiwa.

xvi. Kupindura mukati meawa rimwe kubva panguva yekuziviswa nezvekupararira kwezvirwere.

xvii. Kuve nechokwadi chekuti murwere wese anoshanyira nzvimbo yekurapwa yekanzuru anopihwa rubatsiro mukati memaminitsi makumi matatu kubva paasvika.

xviii. Kugara paine mazita akanyorwa pasi evanhu vanenge vakamirira kutengeserwa masitendi, pachiva nechokwadi chekuti masitendi anenge aripo anopihwa kuchitevedzwa mazita aya.

xix. Kutarisa nekupindura zvikumbiro zvemalease mukati memwedzi mitatu kubva pazvagamuchirwa.

xx. Kubatsira vatengi mukati memaminitsi gumi kubva pavanosvika pamahofisi chero api zvawo ekanzuru.

xxi. Kubhadhara vanopa zvinhu nemasevhisi mukati memazuva makumi matatu kubva pazuva rakabvumiranwa.

xxii. Kugadzira zvinyorwa zvemari zvemwedzi wega wega zvekutarisa mashandiro ebhajeti mukati memazuva gumi nemashanu kubva pakupera kwemwedzi**.**

xxiii. Kuve nechokwadi chekuti misangano yekukurukurirana nezvebhajeti inoitwa panosvika 30 Gunyana gore rega rega uye kuti bhajeti rekutanga (rinenge risati rabvumiranwa) rivepo panosvika 30 Mbudzi gore rega rega.

## 7. ZVINOFANIRWA KUITWA UYE KODZERO

**Marondera Rural District Council inofanirwa:**

a) Kuve nechokwadi chekuti nzvimbo dzese mudunhu dzinosvikika kuburikidza nekuvaka uye kuchengetedza migwagwa nemabhiriji.
b) Kuve nechokwadi chekuti simudziro mudunhu inoitwa zvakarongeka uye nenzira inoda mari shoma.
c) Kupa nzvimbo dzakakwana uye dzakakodzera dzekuitira mabasa akasiyana-siyana pazvinhu zvakasiyana zvinenge zvichida kushandisa nzvimbo imwechete iyoyo.
d) Kuona nezvekuchengetedzwa kwezviwanikwa zvemudunhu.
e) Kupa zvivakwa nemasevhisi evagari uye enharaunda zvakakwana uye zvinoenderana nezvinodiwa mudunhu rose.
f) Kuunganidza nekushandisa mari yeruzhinji zvinoenderana nezvinangwa zvakaunganidzirwa mari iyoyo.
g) Kuve nechokwadi chekuti mabhuku emari anoongororwa pagore rega rega.
h) Kuve nechokwadi chekuti zviwanikwa zvekanzuru zvinogoverwa zvakaenzana mudunhu rose rainotonga.
i) Kutarisa nekuona kufamba zvakanaka kwebudiriro mudunhu.
j) Kukwezva vanamuzvinabhizimusi vanoita mabasa anounza mari mudunhu.
k) Kupinda muzvibvumirano nevanogona kusimudzira nzvimbo pamwe nevapi vezvinhu nemasevhisi kuitira kubatsira vagari venzvimbo iripasi pekanzuru uye kuenderera mberi kwemabasa ekanzuru.

**Kodzero dzevatengi maererano nekupihwa kwemasevhisi ndeidzi:-**

i. Kutaura kuti vanoda kupiwa masevhisi anenge atorerwa mari.
ii. Kukumbira kuti zviwanikwa zvigoverwe zvakaenzana pakupihwa kwemasevhisi.
iii. Kupa zvinodiwa kukanzuru uye kuteverera vachibvunza kuti zvave papi.

**Kodzero dzevatengi ndeidzi:-**

a) Kubhadhara zvikwereti zvavo nenguva.
b) Kuita chikamu zvinooneka uye kubatsira muzviitiko zvekanzuru kana vakumbirwa.
c) Kupinda misangano inoshevedzerwa nekanzuru.

## 8. ONGORORO YECHARTER YEVATENGI

Ongororo iyi ichaitwa pagore rega rega.

## 9. MHINDURO / MABATIRO AMUNGAITA KANZURU

Kana muine mibvunzo, zvichemo, mazano nerumwe ruzivo, sunungukai kunyorera ku: The Chief Executive Officer, Marondera Rural District Council, P.O. Box 108.

Marondera kana info@maronder ardc.co.zw kana kushanyira dandemutande redu www.maronderardc.co.zw . kana kuti 08677009553

Nyaya dzine chekuita nemigwagwa nemvura, batai Director of Works pa +263 777121543 / akutoka@maronderardc.co.zw kana +263 773 443 642.

Nyaya dzine chekuita nekuwaniswa masitendi, hoko dzinoratidza sitendi yako, zvibvumirano, nzvimbo dzekushandira, mapemiti, kuvakwa kwezvivakwa, kuchengetedzwa kwenzvimbo nezviwanikwa uye zvimwe zviitiko zvebudiriro, batai Director Spatial Planning and Land Management pa 0777 797 908 / 0715 902 938 / bchigiya@maronderardc.co.zw.

Nyaya dzine chekuita nemutemo, Social Services, maitiro evashandi, uye zvimwe zvematongero, batai Director Human Resources and Administration pa 0773 810 485 / lmhlanga@maronderardc.co.zw.

Nyaya dzine chero chipi zvacho chekuita nemari, marezinesi uye bhajeti, batai Finance Director pa +263 773 271 376 / rmungure@maronderardc.co.zw

Kana muine nyaya dzine chekuita nekutevedzera mutemo uye njodzi, batai Director Internal Audit pa0716818180 / pdngani@maronderardc.co.zw

Kana muchinge maita dambudziko rinoda kuti mubatsirwe nechimbichimbi, muchida kuchengetedzwa uye kununurwa padambudziko rinechekuita nekanzuru, batai Loss Controller pa 0772699722 / dmateo@maronderardc.co.zw.

## 10. KERO YEKUNYORERA KANZURU

Hofisi huru yekanzuru yeMarondera Rural District Council iri muMarondera.

Kero yePosvo inoti: Marondera Rural District Council
P.O. Box 108
Marondera

Painowanikwa uchida kuenda womene: Revolt Farm 4.5km peg North Road, Marondera

Kanzuru ine imwe hofisi duku kuMahusekwa.

Nhamba yekufona pachena: 08080628